

Jen 2020

Chè paran ak gadyen Elèv kap aprann Angle (ELL yo),

Depatman Edikasyon Eta New York ak lekòl pitit ou te adopte chanjman enpòtan nan règleman yo pandan dènye mwa ki sot pase yo ki pral anvigè pandan fèmte lekòl akòz COVID-19. Tanpri konnen ke chanjman sa yo ak nenpòt pwochen ajisteman ap fèt nan enterè pitit ELL ou, asire ke sekirite ak ekite se konsiderasyon enpòtan lè wap gide edikatè yo pou chanje plan ansèyman pitit ou. Ansèyman a distans (avèk teknoloji ak/oswa avèk lòt anvwa ak resous ki soti nan men pwofesè pitit ou) pa tap posib san sipò w. Mèsi pou tout sa ou te fè ak kontinye fè pou rès ane lekòl la, pandan ete a, ak nan ane lekòl 2020-21 pou sipòte nou pandan tranzisyon sa a.

Kòm ou se patnè nan ede pitit ou avèk lekòl, nou rekonèt wòl ou vin menm pi enpòtan pandan ansèyman a distans lan akòz fèmte ki gen rapò avèk COVID-19. Anba wap jwenn kèk chanjman enpòtan nou ta renmen w konnen:

- Li enpòtan ke ou rete an kontak avèk lekòl pitit ou, kidonk ou konnen dènye mizajou nan plan edikasyon pitit ou. Tanpri kontinye rele, imèl, oswa kominike avèk aplikasyon anliy pou asire ke pitit ou kontinye pwogrese nan lang ak nan ansèyman.
- Si ou bezwen èd pou jwenn zouti teknoloji pou gen aksè nan resous bank manje, ansèyman anliy, oswa nenpòt lòt sipò pou pitit ou oswa fanmi w, tanpri kontakte lekòl ou kidonk yo ka konekte w avèk resous enpòtan sa yo.
- Lekòl yo pral kontinye pwosesis anrejistremman ak idantifye sèvis yo pitit ou bezwen. Sa a ka fèt pa konferans videyo, apèl telefòn, oswa imèl.
- Tanpri asire ke lekòl la gen enfòmasyon kontak ajou w kidonk ou ka resevwa enfòmasyon enpòtan rapidman.
- Tout pwofesè yo responsab pou bay sipò ki nesèsè pou siksè. Diferan edikatè ka kontakte w avèk enfòmasyon sou bezwen pitit ou.
- Lekòl ete te transfere nan enstriksyon anliy, dapre desizyon Gouvènè Cuomo, pou asire ke elèv yo ansekirite.
- Apati kounye a, nan kòmansman ane lekòl 2020-21, yo pral mete tout ELL yo nan nivo konpetans Anglè aktyèl yo (kap antre, Tranzisyon, Elaji). Sa a pral asire ke ELL yo pral resevwa sipò apwopriye pou bezwen lang yo nan fason pou yo kòmanse ane lekòl 2020-2021.
- Lekòl yo dwe an kominikasyon avèk ou pou pataje nenpòt mizajou sou kijan ELL yo ka demontre pwogrè langaj pou ane lekòl 2020-21. Lè ou fin anrejistre pitit ou, ou bay enfòmasyon nan ki lang ou ta renmen resevwa enfòmasyon sa a. Lekòl yo ta dwe kontinye itilize resous tradiksyon ak entèpretasyon pou asire ou resevwa enfòmasyon an.

Pou w jwenn lòt resous, tanpri gade òganizasyon kominotè lokal ou yo ki liste daprè rejyon isit la: <http://www.nysed.gov/bilingual-ed/guide-community-based-organizations-immigrants>

Egalman, Liy telefòn dirèk Paran ELL Eta New York disponib pou tout paran yo. Anplwaye ak resous yo disponib pou sipòte kominikasyon nan dis lang. Liy dirèk la bay paran, gadyen, ak moun kap bay ELL yo swen enfòmasyon sou dwa ak sèvis yo pou timoun yo daprè Pati 154 nan Règleman Komisyonè Eta New York. Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa si ou gen yon demann spesifik osijè dwa oswa sèvis yo pou pitit ou, tanpri kontakte Liy dirèk la pa telefòn nan (800) 469-8224 oswa pa imèl nan -

<https://research.steinhardt.nyu.edu/metrocenter/ellparenthotline>

Mèsi ankò pou tout sa ou fè pou sipòte siksè ak kwasans pitit ou. Rete pwoteje ak ansante.

Kòdyalman,

### **The New York State Regional Bilingual Education Resource Networks (RBERNs)**

#### **New York State Language RBERN (Statewide)**

New York University Metro Center  
726 Broadway – 5th Floor  
New York, NY 10003  
Tel: (212) 992-6730  
Website: <http://steinhardt.nyu.edu/metrocenter/rbern/>

#### **Mid-State RBERN at OCM BOCES**

Mailing address: PO BOX 4754, Syracuse, NY 13221  
Located at: 110 Elwood Davis Road,  
Liverpool, NY 13088  
Tel: (315) 433-2664 or 2610  
Website: <http://www.ocmboces.org/rbern>

#### **Capital District RBERN at Questar III BOCES**

10 Empire State Boulevard  
Castleton, NY 12033  
Tel: (518) 477-8771  
Website: <https://rbern.org/>

#### **Mid-West RBERN at Monroe 2 - Orleans BOCES**

3599 Big Ridge Road  
Spencerport, NY 14559  
Tel: (585) 352-2790  
Website: [https://www.monroe2boces.org/mid-westrbern\\_home.aspx](https://www.monroe2boces.org/mid-westrbern_home.aspx)

#### **Hudson Valley RBERN at SW BOCES**

450 Mamaroneck Avenue  
Harrison, NY 10528  
Tel: (914) 345-8500  
Website: <https://www.hudsonvalleyrbern.org/>

#### **Long Island RBERN at ESBOCES Islip Office Center**

379 Locust Avenue  
Oakdale, NY 11769  
Tel: (631) 218-5175  
Website: <https://www.esboces.org/lirbern>

#### **New York City RBERN at Fordham University**

441 E. Fordham Road, Bldg. 2536  
Hughes Avenue (Off Campus)  
Bronx, NY 10458  
Tel: (718) 817-0606  
Website: [https://www.fordham.edu/info/21065/nysnyc\\_regional\\_bilingual\\_education\\_resource\\_network](https://www.fordham.edu/info/21065/nysnyc_regional_bilingual_education_resource_network)

#### **West Region RBERN at Erie I BOCES**

355 Harlem Road – Building C  
West Seneca, NY 14224  
Tel: (716) 821-7546  
Website: <https://www.rbernwest.e1b.org/en/index.aspx>